



Pou Piblikasyon Imedya: 01/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY PLIS PASE 45 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON FAST NY POU TRANSFÒME SÈT SIT KOMÈSYAL NAN TOUT ETA A AK ATIRE BIZNIS FABRIKASYON GWO TEKNOLOJI POU ETA NEW YORK

Benefisyè yo gen ladan sit nan Konte Broome, Chemung, Clinton, Fulton, Niagara, Oneida ak Orange

Yo te bay plis pase 175 milyon dola nan sibvansyon FAST NY jiska dat pou kreye djòb 21yèm syèk ki peye byen nan atire ak agrandi biznis nan fabrikasyon avanse ak lòt endistri kle k ap grandi

Gouvènè Hochul te pwopoze ekspansyon 100 milyon dola FAST NY nan kad bidjè egzekitif ane fiskal 2025 la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te bay plis pase 45 milyon dola pou amelyore sèt lokal nan kad pwogram sibvansyon Atraksyon Sible pou Zòn ki Pare pou Lanse (Focused Attraction of Shovel-Ready Tracts New York, FAST NY). [Prenyè anonse](#) nan fevriye 2022, pwogram FAST NY la fèt pou prepare ak devlope sit yo atravè eta a pou relanse preparasyon New York epi ogmante atirans li pou gwo anplwayè yo ak konpayi fabrikasyon gwo teknoloji yo. Pwogram nan, ki administre pa Empire State Development, pral ede divèsifye ekonomi Eta New York pandan l ap pouse nouvo investisman pou biznis, kominote, ak kreyasyon djòb. Depi kreyasyon li, FAST NY te resevwa plis pase 175 milyon dola pou 20 sit nan chak rejyon nan nò Eta a. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te pwopoze yon lòt 100 milyon dola nan bidjè egzekitif ane fiskal 2025 la pou elaji pwogram FAST NY la epi bati sou siksè li nan prepare sit atravè eta a pou preparasyon pou lanse.

"Soti nan Hudson Valley rive nan Southern Tier, investisman FAST NY sa yo ap ede debloke opòtinite ekonomik nan tout eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Biznis lavni yo ap rasanble nan New York akòz mendèv wo nivo nou an, ankourajman reflechi nou yo, ak sit kle nou yo, ki pare pou lanse, epi mwen angaje m pou m travay ak Lejislati a pou pote ankò plis anplwayè 21yèm syèk la ak ogmante travay demen yo nan eta nou an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Eta New York konsantre pou l se premye kote konpayi yo

panse lè y ap chèche pi bon kote pou lokalize biznis yo. Fast NY bay minisipalite yo ak IDA (Ajans Devlopman Endistriyèl) yo zouti yo bezwen pou devlope sit alantou endistri espesifik tankou fabrikasyon avanse, semikondiktè, enèji renouvlab, syans lavi ak biznis agrikòl."

Investisman nan preparasyon yo te atire gwo anplwayè nan Eta New York, ki gen ladan Coca-Cola Company, ki ap konstwi yon etablisman pwodiksyon fairlife 650 milyon dola nan 1900 Tebor Road nan Webster, Konte Monroe – yon benefisyè premye faz FAST NY. Prim twazyèm faz la kontinye devlope sit pou atraksyon endistri semikondiktè ansanm ak konplete konsepsyon deziyasyon Fondasyon Syans Nasyon (National Science Foundation, NSF) Ameriken an pou Motè Estokaj Nouvo Enèji New York (New Energy New York, NENY) la, ke Binghamton University prezante, kòm yon Motè Inovasyon Rejyon (Motè NSF). Ansanm, investisman sa yo te etabli rejyon Southern Tier kòm sant nasyon pou endistri estokaj enèji k ap grandi a.

Konte Oneida - 23.6 milyon dola: Sit Triyang lan, ki chita nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss nan vil Rome ak sou kote Wolfspeed ak Micron, pozisyone kòm premye kanpis chèn apwovizyonman semikondiktè New York la, ki ofri jiska 50 MW enèji. Pwojè sa a pral bay amelyorasyon elektrik, ekstansyon dlo minisipal ak egou sanitè ak gaz natirèl, amelyorasyon transpò ak aksè ak achèyman travay jeneral sou sit la. Sit Triyang la byen sitiye nan sant Eta New York, sa ki fè li aksesib a yon gwo mendèv potansyèl. Pwojè a pral debloke jiska 2.6 milyon pye kare nan nouvo konstriksyon ak potansyèl pou 3,000 nouvo djòb sou sit 134 ekta. Kanpis la sitiye nan yon kominote ki gen detrès modere e li bay ekipman pou mendèv ki aksesib, lojman, lwazi ak transpò piblik.

IDA Konte Broome, Konte Broome - 11.3 milyon dola: Pwojè sa a sitiye nan ansyen sit BAE a sou Main St nan Johnson City epi li prevwa enstalasyon yon platfòm devlopman ki wo pou anpeche inondasyon epi tou devlope yon wout twonson ak enfrastrikti dlo, egou, elektrik ki nesèsè ansanm ak amelyorasyon dlo lapli pou aktive sit la pou itilize alavni. Pwopriyete sa a toupre yon ansyen izin chabon ki mete sit sa a nan yon Kominote Enèji federal deziyen ki ofri fabrikasyon teknoloji pwòp potansyèl pou yo resevwa alokasyon enpòtan nan fon federal rezève pou itilize nan resansman sa yo. Yo prevwa ke sit 11 ekta ki retounen yon itilizasyon aktif pral lakòz yon ogmantasyon enpòtan nan revni taks ak nouvo djòb.

IDA Konte Chemung, Konte Chemung – 4,000,000 dola: Pwojè sa a, ki chita nan North Main St nan Horseheads, pral pèmèt amelyorasyon ki gen ladann amelyorasyon nan enfrastrikti tren, dlo, egou, ak dlo lapli ki egziste deja pou sipòte kwasans ak devlopman planifye nan sit la. Amelyorasyon nan sit la pral pèmèt konstriksyon yon 765,000 pye kare yo prevwa nan enstalasyon modèn fabrikasyon, depo ak lojistik. Sit entèmodal sa a gen aksè a gwo resous dlo ak dlo ize, li sitiye santralman nan yon distans de èdtan a twa gwo vil yo epi li te resevwa deziyasyon Zòn Komès Etranjè. Mache sib pou sit sa a gen ladan fabrikasyon batri ak solè ak depo lojistik. Sit ki pare pou lanse sa a pral ofri yon lòt opòtinite pou chèn apwovizyonman batri a grandi alantou Tech Hub k ap devlope nan Southern Tier.

Konte Niagara – 3,258,450 dola: Pwojè sa a, ki chita nan Pak Dafè Konte Niagara (Niagara County Business Park) sou Junction Rd. nan Cambria, pral pèmèt preparasyon sit ak amelyorasyon enfrastrikti ki gen ladan ekstansyon elektrik, gaz, dlo ak egou. Pwojè a gen ladan pwolongasyon yon liy elektrik 13.2kV jiska kanpis 24 ekta sa a, ansanm ak lanse planifikasyon ak enjeniri pou eksplwate yon liy elektrik 115kV ki toupre. Sit la toupre gwo liy kouran elektrik, aksè ak enèji NYPA bon mache ak aksè a gwo kapasite dlo ak egou. Amelyorasyon nan enfrastrikti FAST NY sipòte a pral mete sit sa a kòm yon lokal ideyal pou fabrikasyon avanse. Sit la prezante pwoksimite ak otowout ak aksè nan gwo mache Ameriken ak Kanadyen

Konte Clinton – 3,000,000 dola: Pwopriyete ayewopò Konte Clinton nan Plattsburgh gen plis pase 182 ekta tè ki kapab devlope. Gen kèk pati nan sit la ki deja reyamenaje pou twa sit endistriyèl, epi pwojè sa a pral pèmèt amelyorasyon nan enfrastrikti tankou dlo, egou sanitè, dlo lapli, elektrik, ansanm ak konstriksyon yon wout pou pèmèt devlopman yon lòt 55 ekta tè. Sitiye a sèlman twa minit soti nan I-87 ak toupre Pak Endistriyèl Ayeryen (Air Industrial Park) ki egziste deja, ki nan plen kapasite, sit sa a pral akomode jiska 1.7 milyon pye kare pou itilize nan fabrikasyon, transfòmasyon endistriyèl lejè, depo ak distribisyon.

IDA Konte Orange, Konte Orange – 462,500 dola: Pwojè sa a, ki chita nan Pak Komèsyal Aden Brook (Aden Brook Commerce Park) nan Montgomery, pral ede ak avansman pwosesis SEQRA epi ede kouvri depans ki gen rapò ak enjeniri ak konsepsyon sit. Sa pral pèmèt pak ki pare pou lanse ki sèvi kòm yon pon ant Vil New York ak Albany. Sit devlope a pral vize sektè endistri fabrikasyon avanse, avèk yon enterè patikilye sou syans lavi, chèn apwovizyonman pou semikondiktè, teknoloji pwòp ak asanblaj ki gen valè ajoute. Sit sa a se apeprè sis kilomèt I-84, nan yon koridò endistriyèl, ak adjasan a Ayewopò Konte Orange.

Sant Konte Fulton pou kwasans Rejyonal, Konte Fulton – 65,300 dola: Pwojè sa a sou State Route 20A nan Johnstown, pral fasilite yon etid planifikasyon pou detèmine depans pou devlopman enfrastrikti sou sit la ki gen ladan wout, sèvis piblik, analiz sit ak investigasyon anviwònman an. Sit sa a sitiye dirèkteman anfas Pak Endistriyèl Johnstown (Johnstown Industrial Park), ki kounye a plen. Resous atiran tankou pwoksimite ak Sistèm Entè-eta Eta New York la, kapasite gwo pisans sou sit la ak rezèv dlo entè-minisipal, fè sa a yon lokal prensipal pou fabrikasyon avanse. Pwojè a gen entansyon pwodwi senk gwo sit devlopman endistriyèl, sa k ap mennen nan kreyasyon apeprè 200 djòb.

Finansman FAST NY atravè sibvansyon ESD bay pou aktivite amenajman alavans ak investisman nan enfrastrikti pou amenaje sit ki pral atire anpil endistri ki elijib—ki gen ladan fabrikasyon gwo teknoloji, semikondiktè, enèji renouvlab teknoloji pwòp, syans lavi, biznis agrikòl, optik, ekipman transpò, transfòmasyon materyèl, fabrikasyon machin endistriyèl ak lòt fabrikasyon avanse. Sit sa yo ka itilize tou pou distribisyon ant eta a ak lojistik. Atravè FAST NY, ESD kapab akòde yon "Sètifikasyon FAST NY Shovel-Ready" pou sit ki satisfè gwo nòm preparasyon pou lanse, pou sipòte ak amelyore efò maketing

yo pou atire plis endistri yo. Pou plis detay oswa pou aplike pou sibvansyon FAST NY, ale sou esd.ny.gov/fast-ny.

Direktè Egzekitif Konsèy Devlopman Ekonomik Eta New York, Ryan M Silva, te deklare, "Pwogram Fast NY la enpòtan anpil pou siksè ekonomi New York ak kapasite nou pou atire investisman sektè prive a. Investisman nan enfrastrikti kreye djòb nan konstriksyon ki byen peye epi ede fasilite patenarya piblik ak prive. Anons yo jodi a yon lòt fwa ankò valide wòl enpòtan ajans devlopman endistriyèl (IDA) yo jwe nan ekonomi New York la, ansanm ak ekspètiz ak resous lokal avèk finansman eta a pou sipòte ak bati kominote dirab. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak ekip ESD a pou lidèchip yo ak patenarya yo avèk Pwogram FAST NY ak benefisyè prim yo pou investi nan lavni New York".

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Lè nou reflechi sou pi bon fason pou ankouraje devlopman ekonomik, nou vle priyorize estrateji ki konsantre sou kreyasyon yon gwo kantite djòb ki soutni fanmi. Atire konpayi fabrikasyon gwo teknoloji nan New York pote plizyè milye travay ki estab ak byen peye nan eta nou an. Prepare sit pou biznis lavni sa yo se yon investisman entelijan."

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Antanke Prezidan Komite sou Devlopman Ekonomik, Kreyasyon Travay, Komès, ak Endistri Asanble a, mwen rekonesan ke Gouvènè Hochul te bay 45 milyon dola nan Eta New York atravè Pwogram FAST NY ke Empire State Development administre. Investisman enpòtan sa a nan avni ekonomik New York asire ke nou pa sèlman ap prepare sit yo pou yo lanse; n ap kiltive opòtinite, n ap ogmante atirans sit la pou gwo anplwayè yo, epi n ap ankouraje kreyasyon djòb pou elaji endistri kle k ap grandi yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)